*ЛЕРРИНА ЙОЛУ ЛОЬМАР*ЛЕРРИНА ЙОЛУ ЛОЬМАР*ЛЕРРИНА ЙОЛУ ЛОЬМАР*

Дала бакъо толайойла!
Кадыров А.-Х.

Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

Исла'ман зIаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

Арахеца долийна I990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября I990 года

2017-чу шеран апрель беттан 20-гIа де
20 апрель 2017 год № 8 (385)

«ЦХЬАНА ЗАМАНЧОХЬ ДУНЕНАН ДУККХА А КЪАЬМНАША СИЙДЕШ А, IАМОШ А ХИР БУ НОХЧИЙН МОТТ»

(Шайх Митаев Iела)

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КУЬЙГАЛХОЧУН, РОССИН ТУРПАЛХОЧУН КАДЫРОВ РАМЗАНАН НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕНЦА ДЕКЪАЛДАР

Лараме махкахой!

Даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца!

Шен ненан матте безам боцуш верг, цуьнца ховха юкъаметтиг йоцуш верг, иза Iалашбеш воцург шен Даймехкан бакъволу патриот хуьлийла дац. Дуьненахь уггаре а хьалдолуш а, хаза а бу нохчийн мотт. Оцу маттехь дерриге а ду – нохчийн башхалла, цуьнан истори, культура, ламасташ. Вайн мохк кхин а чIогIа беза вайна ницкъ ло цо.

Вайн хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо даима а олура шен ненан мотт безар а, цуьнан сий-ларам бар а, ша-шен ларар а, шен халкъ ларар а ду. Ненан мотт дIабаьлча, къам долчуьра дIадовлу вай.

Тахана нохчийн мотт школашкахь а, вузашкахь а Iамош бу, оцу маттахь арадовлуш газеташ, журналаш ду, еш передачаш ю, дIахьош яккхий, сий-лараме мероприятеш ю. Вайн дозалла дан йиш ю мел хала киртиг тIехIоьттича а, мел самукъане мур беача а – массо а хенахь нохчийн маттана тешаме хилла дисина вай, цо вайна даима а гIо а дина.

ХIокху дезачу дийнахь вай дIагойту нохчийн матте болу вайн безам, дагалоьцу вайн орамаш, баркаллаш боху нохчийн маттахь деша а, яздан а Iамийна болчу вайн хьехархошна.

Вайн декхар ду ненан маттаца йовха, аьхна юкъаметтиг хилийтар, иза Iалашбар, марзбар, баржор, бовзийтар. Вайн культурин бух бу иза. Цундела вайна тIехь дерг доккха жоьпалла ду. Ненан матте безам доьзалехь кхолла безаш бу, тIаккха иза, дIабер бац.

Ларбелаш нохчийн мотт!

Декъалдо шу дезачу денца! Лаьа шу маьрша, ирсе, токхе дехийла. Дала аьтто бойла шун а, шун гергарчеран а.



Кадыров Шайх Хож-Ахьмад-Хьаьжа

МОВСАРАН ЗЕРАТ

(Хонкара, Адана, Джейхана)

БисмиллахIир-Рохьманир-Рохьим!

Хьаьжин ваша Мовсар, Делан лаамца, махках ваьллачу хенахь, цхьана камера чохь хилла Хьаьжица Калугехь, юха Устюжинехь. Ткъа юххерчу камера чохь Хьаьжин мурдаш (ГихтIара Коврнакъ, тхан ден деда Илес) болуш яхана зама. (Иза ас масийттазза дийца а дийцина, айса Заурбеков МасIудаца цхьаьна язйинчу киншки тIехь ала а аьлла). ХIинца суна ала луург хIун ду аьлча, Мовсар мелла а гIелвелла гина хиллера Хьаьжина. Мовсар ханна воккха а хилла Хьаьжел. «Мовсар, – аьлла, вистхиллера Хьаьжа, – хьуна дазделла-те хIара, хьан дегIана совбаьлла-те хIара бала?». ГIелвеллачу Мовсара элира, Дела кхиэлана реза ву ша-м, аьлла. ТIаккха Хьаьжас элира: «Вай Деле доьхур ду, Мовсар, хьо паргIатваккхар, вайн доьзалш Хонкарахь бу хьуна, царна тIекхочур ву хьо, дисина дахар цигахь хир ду хьан». «Хьо витина, муха гIур ву со, хьох ваьлла, муха лелар ву со», – аьлла хиллера Мовсара. «ХIан-хIа, вахаза вер вац хьо, хьуна дазделлийла хаьа суна. Ахь «Амин» ала, ас доIа дийр ду», – элира Хьаьжас. Хьаьжас доIа дира, Мовсаран настарш тIера буржулш, Делан лаамца, дастаделла охьаийгира. ХIинца новкъа а валий, Туркойн махка дIагIо хьо, цигахь вайшиннан доьзалшна тIекхочур ву хьо, дисина рицкъа циггахь хир ду хьан, аьлла, дIавахийтинера Хьаьжас шен ваша Мовсар. Мовсар доьзалшна тIе а кхаьчнера, цаьрца цхьана хан а яьккхинера.

Вайн дайн кица ду-кха: «цхьамза гали чу болларх, хьул ца ло», - олуш. Цхьанхьа юьхьиг гучуялаза ца Iа цуьнан. Мовсар шайх хилар, иза онддачу буха тIера хилар, цуьнан лелар, цуьнан доIийна Дала жоп луш хилар, цуьнгара беркат бухарчу туркошна гучудаьлла хиллера. ДогIа деха хьашт хилча, и хьалха а воккхий, доIа деш, цхьа бала тIебеача, и хьалха а воккхий, бала дIаайар, бала юхатохар Деле доьхуш, иштта массо а балхаца лерамаш бан болийра цуьнан цигахь. Делахь а, Дала кхоьллина адамаш дуьненчохь яккха цхьа хан тоьхна ду, шена тоьхначу хенахь Мовсар Делан кхиэле вирзира.

ХIинццалц, Коврнакъан дийцарца, Мовсар Хьаьжас паргIат а ваьккхина, туркойн махка дIахьажоран билгало яра вайгахь, амма цул тIаьхьа лелларг хууш дацара. ХIинца, Делан къинхетамца, Ахьмад-Хьаьжин беркатца, даха а, дахка а паргIато яьлча, Рамзанан беркатца, Iедалера вайна кхечу пачхьалкхашца гергарлонаш хоттар а, цаьрца даза а маршо яьлча, Мовсар дIавоьллина меттиг а карийра. И меттигаш евзаш болчара, билгалъяккхира и дIавоьллина меттиг. ГIалгIайн махкара вайн цхьа бусалба ваша, Хьаьжин мурд (Дела реза хуьлда цунна, Дала сий лакха доккхийла цуьнан) кхаьчна хилла хьалха цига, и меттиг билгалъеш, «кхузахь дIавоьллина ву шайх Мовсар, нохчи» аьлла, яздина, чурт а доьгIна, го а беш, билгало йинера цо. И хиъначу Рамзан-Хьаьжас тхо дахийтира цига, дуккха а мурдаш цхьаьна болуш, ша тхуна цига тIе а вогIуш. Цигахь гонахарчу ярташкара дукха нохчий а болуш, Мовсар дагавогIуш хиллачу туркойн доьзалийн тIаьхьенах берш тIе а балийна, йоккха мажлис хIоттийра оха. Хьаьжас а, Мовсара а дезаш лелийна зуькар хIоттийра оха. Цигарчу Iедалца Рамзана (Дала Iалашвойла иза) барт а бина, меттигера говзанчаш-археологаш тIе а озийна, ахкарш дира (раскопкаш), схьакарийра Хьаьжин хIусамненан Седин каш, иштта Хьаьжин а, Мовсаран а доьзалийн кешнаш, Хьаьжин доьзалца дIа а вахана, цера дола деш, цаьрца хиллачу цхьана мурдан каш а. Царна хIоранна а тIе йозанаш а яздеш, чарташ а дуьйгIира. Царна массарна а лерина зерат дира, оьрсийн маттахь аьлча, Мемориальни комплекс йира. Цига тIедоьлхуш, некъаш тодайтира, массо а меттехь, муьлххачунна а цига зерате воьдучунна, некъ хьеха дезар доцуш, тIеваха хуур долуш, некъан бохаллехь билгалонаш а йира. Кхузара вайн говзанчаш-белхалой а бахийтина, Ахьмад-Хьаьжин цIарахчу Фондо шен чоьтах бира и берриге а белхаш. ХIора шарахь автобусаш тIехь а, кеманахь а вай кхузара нах оьху цига зерате, со суо а кхузза вахана цига.

Адана олучу областехь, Джейхана цIе йолчу префектурина 38 чакхарма гена меттиг ю иза. Хьалха нохчий баьхна, Iийна меттиг ю иза. ХIинца и юрт йоцуш ю.

Даудов Туркон суьрташ
Адана – Соьлжа-ГIала

ХЬАЬЖИН ХЬЕХАМАШ

Шайн дегнаш цIанделаш. Царна чу парггIат пайхамар а, устаз а, цаьргахула Лекхаволу АллахI а ваийта. Iилма хааро а, дешна хиларо а кIезиг хIума лур ду дегнаш цIандина дацахь, Кхоьллинче болчу безамах догуш дацахь.

Шен даг чуьра оьгIазло дIаяьккхинарг, шен зулам динчунна къинтIера ваьлларг, АллахI хьехош вехаш верг – иза ву-кх тIарикъата чохь.

Чалба хастамна а, цIар-хазманна а ма лелайойла аш, Лекхаволчуьнга а, исламе а болчу безаман дуьхьа лелайойла. Коьртах чалба хьарчо сих ма лолаш. Цкъа хьалха дагах хьарчаелаш иза.

Сийлахь (веза) стаг шен сийлаллех эхь хеташ хуьлу шуна. Цхьана а чоьта боцучара шайна тIе барзакъаш духу, мажош яхйолуьйту, шаьш доцурш ду моттийта гIерташ. Уьш юьхь-юьхьана берш, шалхо лелораш бу, Къуръана чохь уггаре а доккхачу къила эгнарш бу аьлла хьахийна а бу.

Массо хенахь, массо меттехь, шаьш хIуъа деш хиларх АллахI хьехавелаш, дагахь латтавелаш. Массо а хIума АллахIан дуьхьа а, АллахIан цIарца а делаш. И ду шуна стеган (адаман) коьрта декхар. Майрра а, юха ца довлуш а дIагIолаш тIарикъатца, оцо шеко йоццуш хьакъикъатна тIедалор ду шу, Лекхаволчунна герга дийр ду шу. ХIунда аьлча, Лекхаволу АллахI воцург дерриге а гIан ду, бIалгIа ю, мIаьрго ю, адам зуьйш долу. Иза Лекхаволчунна герга веана я дийнатан тIегIанехь висина гойту оцу зераша.

ТIарикъат чохь волчу бусалбанан, мурдан ша юьхьарлаьцначу безачу некъан мехаллех кхеташ даг чохь йогуш бакъ долчун, нийсонан, къинхетаман, кхечунах дог лазаран, доьналлин, стогаллин серло хила еза.

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Лараме газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду.
Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

№ 8 (385)
Исламан зІаьнарш
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! * 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! * 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! * 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! *

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

НОХЧИЙЧОЬНАХ ДОШ

Хабаев ИсмаІил

* * *

Нохчийчоь!
Мохк безар – и муха цамгар ю
дийцалуш лоьралла доцчу
кху дуьненан кийрахь
хьеннан а бакъо ю со лартIехь вац
аьлла хета…
сайх мел цакхетачух со нийса кхета!
Сох кхета –
хьан цIе а, эхь-бехк а сел деза
лийринарш бирзинчу хьан лаьттан мах
хаа беза…
Сох кхета –
хьо ларъеш, дуьне цецдаьхначийн
доьналла дуьйцучохь хих буза
бIаьрг хила беза…
Сох кхета –
ахь лайнарг, хьан бIаьрга мел дайнарг
ца дицдан, кхоларна дихкина иэс
хила деза…
Сох кхета –
кIантана хIу лахар дицдина
да гича, пхьегIанах аталуш
дог хила деза…
ВоIа шен да хестор
я дас шен воI хестор санна,
хьо хестор оьзда цахеттал
хьо суна сайн хетта.
МостагIчун бIаьргех хьан кIенташа
шайн баккъаш санна,
ас хийла шеконах лардина
хьох долу тешар
Эчиган Iазапехь,
болатан баланехь
хIу дарах, доь дарах ларъелла,
хьо дийна-маьрша
кху дийне яларехь цхьа Делан
къайле цагаллал
са бIарзцаделла сан –
и тешар меттара ду сан.
Кхин дог ца догIу сан сайн сица са догIуш
йоцучу пхьоьханехь томана, дегаза вела.
Ас сайна букъ тIехьа олучу дашана
юьззина бакъо ло шен корта
айббина лела!

Уциев Абу

НЕНАН МОТТ

Адамо адаме шен хьежам, шен лаам, шен лазам я шена хилла хазахетар, халахетар довзийтаран гIирс хилла ца Iа мотт. И оцу адаман ша схьадаьллачу орамашца йолу зIе а, дахарехь цунна дуьне достучу хаарийн а, я дайша шайн цIийца, шайн хьацарца кхоьллинчу гIиллакхийн, гIуллакхийн догIа ду. Масех дашехь аьлча, АллахI-Дала муьлхха а цхьа адамийн тоба, къам хиларан билгало еш, кхечу къаьмнех къастийта, цунна делла совгIат ду мотт.

Нохчийн даима чIогIа хилла ю ненан маттаца, дайн кхерчаца, бинчу махкаца,...дайн кешнашца йолу зIе. Царех хьаьддарг декъаза а лийрина. ДуьххьалдIа и ду даима вайн халкъ муьлххачу а зерийн балех хьалхадаькkхинарг а, шен нохчаллех дохарх лардинарг а. Ткъа ненан мотт – кхузахь оцу дерригенан а корта бу. ХIунда аьлча, и цахуург вай цкъа а нохчи лийрина вац.

Нохчийн Республикин халкъан яздархочун Хатуев Iабдулхьамидан дийцар ду-кх, хиллачун буха тIехь яздина, “ГIаргIулийн илли” цIе йолуш. Даймехкан тIом болчу хенахь вайна, дозанал арахьа схьакарийна хилла вайн къомах йолчу йоккхачу стеган кIант. Цунах хаам бохьуш веанчу стаге, шаьш хьошалла лелийна, иза новкъавоккхуш, хаьттина, боху, схьакарийначу кIентан нанас: «Муьлхачу маттахь хилира шун къамел?». «Нохчийн мотт бицбинера цо... Ингалсан маттахь, талмажехула», – жоп делла хьешо. «ХIан-хIа, – аьлла йоккхачу стага, – иза сан кIант ца хилла. Сан кIанта цкъа а бицбийр бац шен ненан мотт»...

Цо кхетадо нохчашлахь ненан меттан сий-ларам мел боккха, мел беза, мел сийлахь хилла.

Цхьанна а къайле яц и мотт вайга хьомсарчу ненера кхочуш хиларх. Нана ма ю вайца, кхечу верасел хьалха, мотт буьйцуш ерг: аганан иллешца, дайн хьуьнарех долчу дийцаршца, бераллин мерзачу туьйранашца цуьнга марзо, лерам кхуллуш ерг. Цундела олу вай цунах ненан мотт.

– Со реза вац цхьана а маттах ненан мотт аларна, – къовсаме волу цкъа тхо гулделлачохь сан накъост. – Да нохчи а волуш, нана кхечу къомах хилча, муьлха хуьлу цуьнан ненан мотт?

– Шен нанас буьйцург, – кхетадо цигахь нисвеллачу Хьаьмби-Ирзерчу къаночо Вадаев Элберда, – оьрси елахь, оьрсийн, гIумки елахь, гIумкийн... Дегахула кхоллалуш яц, кIант, шен матте йолу марзо. Ненехула кхоллалуш ю, цуьнан шурин йовхонца, цуьнгарчу ийманца, цуьнгарчу гIиллакхца, гIуллакхца, оьздангаллица. Аьлча а, нанас аган чохь долчу муьрехь делла дуьне довзаран таж ду ненан мотт. Я, да милла велахь а, ненан бIаьргашца бен хир доций хаалахь берана маьлхан дуьне довзар.

– Ахь дийцарехь, да нохчи хилча а, нана оьрси елахь, оьрси хуьлу-кх берах? – цецволу сан накъост.

–Хуьлу, цо ша хьанах схьадаьлла кхетча, нохчи хиларе дуьгу некъ ца харжахь-м. – Велало къано, – я ненан шурица цакарийнарг дайн гIиллакхашца, дайн гIуллакхашца, дайн оьздачу ламасташца лаха дезар ду цуьнан.

Тхуна массарна а бакълуьйш хийтира Элберд. КIеззиг «гIам-гIим» дина, тIетайра и накъост а.

– Советан Iедало «интернациональни» олура, кIант, оцу ахь буьйцучу ийначу доьзалех, – хазийра тхо тIедиссинчу хIусаман дас. – Я нохчий а, я оьрсий а боцурш. Делахь а, хIетахь коммунизме болчу «некъа» тIехь уьш нохчел а сийлахь-м лорура...

– Цхьаберш ишта а хилла, – элира къеначу Элберда, – Суна дукха доьзалш бевзина, наной муьлххачу къомах белахь а, шаьш нохчийн къонахий-кIентий а, нохчийн къонахий-йоьIарий а хиларца билгалбевлла. Бакъду, гонаха бехачу нахах дукхахберш цу тIехь царах теша-м ца туьгура. Я боккха бала хета церан дайша, вайн къомах боцу наной балийна, шайн берийн кочатеснарг.

– Цара къуьйсург хIун ду кхетаехьа со, – доьху чуеанчу лулахочун йоIа. – Сан нана оьрсех ю, цундела суна ца хаьа нохчийн мотт.

Тхайн къамел довзийтича, оьрсийн маттахь тхоьга массаьрга а олу оцу йоIа:

– Суна суо шул муьлххачул а чIогIа нохчи хета. Хилча хIун ду сан нана оьрсех? Суна иза шун нанойл сийлахь хета. Тахана кхин зама ю... Сан нана шайн нанойл сийсаза ю ала-м ца гIерта шу? Мотт ца оьшу нохчи хила. Сан цIена дог а, суна тIера духар а тоьуш ду. Шун йоьIарша а, ма ца леладо иштта духар. Суна суо царел сийлахь хета...

– ХIоранна а хета шен нана кхечу нанойл сийлахь а, мерза а, гергара а. И стаг а, зуда а оцу я кхечу къомах хиларан билгало яц. Нохчийн гIиллакхаш, гIуллакхаш девзий хьуна? – хотту йоIе Элберда.

– Ас хIун до царах? – цецйолу йоI. – Тахана нахана юкъахь леларг дерриге хаьа суна: юург ян, хIума тега... Ахь дуьйцу хIуманаш мехкаршна оьшу хан дIаяьлла.

– Дин муьлхарниг леладо ахь? – хотту къаночо собаре.

– Бусулба ю со.

– Ламаз-марха хир ду хьан?

ЙоI цIийло:

– Шен хан ю массо хIуманан а. Iамор ду ас.

– Бехк ма билла, бакъдерг аларна, – дерзадо къаночо шен къамел, – хьо нохчи а, я бусулба а яц. Оьрсийн оьздачу зудчо нохчех схьаваьллачу хьенехана йина цIена оьрси ю. Нуй-горгам лело а, бедар тега а, борщ ян а хуург нохчи хилча, тхайниг доцург къам хир дацара дуьненахь. Иштта, духаро бусулба беш хилча, бусулба хир дара ахдуьне...

Бакъ вара къано. Аганан гIожехь олучу иллица ненан шурица литтинчу маттаца кхочуш ю бере шен дайн орамашца йолу зIе. Ткъа оцу ненан дай, иза ша йолчу къомах бен хуьлийла ма дац. Ишта ца хилча, азаллехь Дала Шен къаьмнаш кхуллур ма дацара маттаца а, гIиллакхашца а, Iадаташца а вовшех къаьсташ. Тхо тIедиссинчу хIусаман дена а дайна, «интернациональни» кхоьллина хир дара вай дерриге а.

Кхузахь юха кхин цкъа а билгалдаккха лаьа мотт – и вай вешан хиндолчу дахарехь дуьне довзаре дуьгу неI йоьллу догIа хилар. Мотт ца хилча, культура яц. Ткъа и культура, угаре а хьалха, вайн могашаллин а, хьекъалан а, кхетаман а, дахаре болчу хьежамийн... а кхиарх лаьтта. И культура ца хилча, адамна эшам хуьлу литературехь, экономикехь,...лаьтта тIехь шен дахар вовшахтохарца доьзначу массо хIуманна тIехь а кхиа. Я адам хилла даха. Цундела баьхна вайн дайша: «Мотт ца хилча, къам а дац», «Шен къомах хаьддарг буо ду, иза цхьана а кхечу къомана хьашт хилла вац»...

Дахарехь вайна дукхазза зеделла ду муьлххачу а кхечу къоман гIиллакхах, гIуллакхах, оьздангаллех, дахаран Iадатех тIехула кхетам хила а, кIорггера оцу къоман мотт хаар оьшуш хилар. ТIаккха нохчийн мотт хууш, безаш, лоруш воцучо, дайн орамашца йолу зIе ларийр ю бохург аьттехьа а ма дац. Иштта, бакъ ца хета, шен меттан сий-ларам, пусар доцучо, кхечу къоман меттан а, гIиллакхийн а... пусар дийр ду бохург а. Маттах лаьцна къовсам юкъабаьлча, сан дедас Юсупа олура кхечу къаьмнех болчу шен аппоненташка:

– Нуьцкъах махках баьхна, Iедало хийрачу нехан шийлачу неIа-сагIе хийша дезийтарх, цхьана а дега сагIане текъамаш ца беш я, къарбелла гора а ца ховшуш, мацаллех, балех, гIелонех, Iожаллин зерах доьналлица чекхбевллачу нохчашка хатта, шайна ца хаахь, мел беза, мел лараме, мел сийлахь хилла царна шайн ненан мотт. Цуьнца цхьаьна хьомсара Мохк а.

Шен Мотт а, шен Мохк а, шен Къам а дезар ийманах ду.

Къам нохчаллех ца дохийта, вайна карлаяха а, тIаьхьешна юххера йовзийта а ду Мехкан Куьйгалхочо Кадыров Рамзана иттаннах телепроекташ, кхиболу белхеш вовшахбеттуьйтуш, дийнахь а, буса а радиохь а, телеэфирехь къоман синмехаллаш йийцийтар. Иштта цаьргара йовхо, цаьргара аьхналла, цаьргара беркат къоначу чкъуро схьаоьцу долу некъаш дебадайтар а.

Дозаллица билгалдоккху нохчийн халкъо Мехкан Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен леррина долчу Указаца хIора шеран 25-гIа апрель нохчийн меттан де ду аьлла чIагIдина, итт шо кхочуш хилар. Нохчи волчу нохчичунна хIумма а хир дац цул кхоэ!

Цхьа хIума ду, алаза ца долуш. Оцу денна тIедоьлхуш бийцина, хестийна я базбина Iен-м ца дезара вай ненан мот, шеран йисинчу хенахь дIа а тосуш. Чохь, арахь, балхахь даима буьйцуш, шарбеш, шеца марзонаш, гергарлонийн уьйраш хуьттуш, шен махкахь шена йогIучу лараман метте баьккхина хила безара. Ненан меттан кIорге, цуьнан ша-тайпа марзо, исбаьхьалла дика кхетийта, оцу балхах компани йина ца Iаш, горга шарахь ваьш долчу сих-сиха хьошалгIа кхайкха безара меттан говзанчаш Тимаев Ваха, Овхадов Муса, Халидов Айса, цIе йоккхуш болу яздархой.

Кхин а дика хир дара, нохчийн мотт республикин пачхьалкхан мотт хилар тидаме а эцна, Iедалан органийн тIегIанехь вай хIиттош долу цхьадолу документаш мукъа а оцу матте даьхна лелийча. Цул сов, цхьана а дарже я жоьпаллин балха хIотто ца везара бийца а, шен йозанах пайдаэца а, нохчийн мотт ца хуу “говзанча”.

Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас олура: «Шен ненан мотт цахуург къонах вац» (муьлххачу къомах велахь а боху).

Культурин а, дешаран а, кхечу а учрежденийн белхахойн хьовха, хIора нохчичун а декхар ду тахана нохчийн мотт Iамор, ларар, базбар, цунна пропаганда яр горгачу шарахь шен тидамехь латтор.

Мел товш хуьлу кхиазхошна а, кегийрхошна а юкъахь нохчийн кху заманахь декачу иллийн я барта кхолларалин суьйренаш, викторинаш, диспуташ, кхийолу мероприятеш еш. Цаьргахула шаьш дехачу яртийн, кIоштийн, гIаланийн истори йовзарна тIедоьгIна тайп-тайпана къийсадаларш юкъа а дохуш.

Кхуззахь билгалдоккху оха, Нохчийн Республикан культурин министерствон белхахоша, дийнна шарахь схьаэцча, тхаьш мел еш йолчу мероприятех 90 процент нохчийн маттахь дIахьош хилар. Иштта юкъабаьккхина, кхиаран тIегIане боьрзуш бу вайн халкъан материальни йоцчу культурин мехаллаш гул а еш, дIа а язъеш, церан каталогаш хIитторца боьзна болх а. Делахь а, и т1ейогIучу хенахь дийца дуьтур ду вай.

Къамел дерзош луур ду берриге а вайн Мохк, вайн Къам «Нохчийн меттан Денца» даггара декъалдан. Дала кхин цкъа а меттан аз гIелделла, дайн гIиллакхашка шело ийзош хан ма гойтуьйла вайна. Меттан а, Мехкан а, дайн гIиллакх-оьздангаллин а сийлалла айъа яхь, доьналла лойла!

Лорсанукаев Увайс

Ненан мотт вайн къоман дахарехь

Нохчийн мотт – ненан мотт аьлла ц1е тоьхна бу вайн халкъо. Ненан маттал хьоме, мерза, к1еда х1ун ду кху дуьненчохь? Шен мерзачу 1аьнарца йовхо луш, аьхналлица хьоьстуш, нанас 1амабо берана шен оьзда мотт, 1амадо дайн оьзда г1иллакхаш. Дуьххьара дош ала 1амош ерг а, чохь хьалхара г1улч яккха, дуьххьара шен ховхачу куьйгашца вайн куьг схьалоцург а нана ю. Ненах доьзна д1адолало адаман дерриге а дахар. Буьйсанна наб йоцуш, дийнахь тем боцуш, вай даларна а, цамгаро лацарна а кхоьруш, шен г1ийлачу узамца аганан иллица д1адижадо нанас бер. Нанас, бераллехь вай хьоьстуш, муьлххачунна а хийлазза а олуш ма хезна: «Дижалахь, наниниг, мерзачу набарца, г1атталахь, жиманиг, к1оргерчу хьекъалца, мерза наб кхетийла жимачу к1орнина. Маьрша хьо г1оттийла сан деган марзо», - олий, вай мерзачу набарна товжош, нанас олу аганан илли, дека дог хьоьстуш, 1ехош, вайн нохчийн маттара илли. Дуьненчохь массо а х1уманал йоккха ю ненан а, беран а марзо. Ткъа ненан мотт безар, цуьнан сий дар, иза шен ненаца йолу марзо ю.

Аллах1-Дала тамашийна кхоьллина дуьне. Боккха тамаша бан бог1учех цхьаъ адаман мотт бу. Эзарнаш къаьмнаш ду дуьненчохь. Матто д1асадоькъу адам къаьмнашка. Дала боху Шен Къуръана чохь: «Х1ай нах! Баккъал а, Оха шу кхоьллина стагах, зудчух а; шу халкъашка, тайпанашка а декъна, вовшашна довзийтархьама». Дуьненахь дехачу хIора халкъана шен мотт белла Дала. Вай нохчий ду. Веза Сийлахьчу Аллах1-Дала кхоьллина вай нохчий. Цо делла вайна нохчийн сибат, нохчийн амал, нохчийн г1иллакхаш, ламасташ. Цо белла вайна нохчийн мотт! Ша винчу, хIара дерриг а дуьне шена совг1атана деллачу, шен цхьаъ бен йоцчу, кхин хила йиш йоцчу шен НЕНАН МОТТ. Х1ун хир ду цул деза, цул сийлахь, цул хьоме кхетам болчу стагана?

Шен ненан мотт ца хуу стаг, даима юьхь1аьржа хир ву, шен халкъана хьалха хилла ца 1аш, кхечу къаьмнашна хьалха а, х1унда аьлча, цунна евзар яц къоман син к1оргенаш, бевзар бац цо луш болчу кхачанан чам. Цунна хуур дац цо ма-бохху ойла ян а, ма-хьеххара ваха а. Муьлхха а стаг оцу хьолехь хилар – яхь цахилар, ледара хилар ду. Иштта ца хила, йохье а дуьйлуш, 1амо беза вайн дайша ларбеш, ц1ена латтийна вешан ненан мотт. Иза вовшех кхеттал бийца хиъча а, тоьар дара бахар – и стаг шен къомах цавашар ду. Иза хиндерг доцу стаг ву. Цу дакъазаллах Дала лардойла вай. Х1унда аьлча, маттаца хьаьрчина ду хIора кьоман г1иллакх-г1уллакх а, оьздангалла а. Шен мотт цабийцар а, цуьнга бендоцуш хьежар а, шен халкъан г1иллакхаш дицдар а, Делан лаамна реза цахилар санна ду. Мотт д1абаьлча – г1иллакх д1адолу, и ший а д1адаьлча, къам д1адолу. Шен мотт 1алашбеш, и ларбеш, къам схьадог1уш делахь, и къам хилла дехар ду шен лаьтта т1ехь. Мотт – халкъ латтош болу, цу халкъан синпха бу.

Ненан мотт бохург доккха х1ума ду. Нохчийн халкъан кица ду: «Мотт бу –къам ду, мотт бац – къам дац», – бохуш. Цо кхачош ду дерриге а. Делахь а, цунах ца кхеташ, кхетам боцучаьргара вайна хезна-кх: «Нохчийн мотт къен бу, г1ийла бу», – олуш. Иза бакъ дац. Вайн мотт хьал долуш хиларх, цуьнан исбаьхьаллех цецбийлина дуьненахь а гоьбевлла оьрсийн яздархой, 1илманчаш. Иштта, дуьненна а вевзачу оьрсийн воккхачу яздархочо Л.Н. Толстойс яздина: «Нохчийн мотт угаре а хазачу а, хьал долчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика и хууш хьо велахь». Ненан маттахь вай къамел деш хилча, угаре а хьалха оцу меттан хазалла, цуьнан ц1еналла, цуьнан исбаьхьалла, цуьнан куц-кеп ларъеш хила деза. Ненан мотт хаар, 1алашбар вайн массеран а декхар ду.

Цхьаболу нах бу, шайн берана оьрсийн я ингалс мотт хиъчахьана, церан х1окху дахарехь цхьана т1ег1анехь кхиам хилчахьана, шайн декхар кхочушхуьлу, шаьш шайн доьзал ирсе бо моьттуш. И бакъ дац. Ненан мотт хIора а халкъан культуран бух бу. Массо а халкъо шен маттахь, 1адатехь кхоьллина культура. Иза дика 1амор вайн декхар ду. Буьйцуш нохчийн мотт а боцуш, нохчийн къам хила йиш яц.

Стаг мел воккха 1илманча я говзанча хиларх, муьлххачу даржехь хиларх а пайда бац, нагахь санна иза, нохчийн мотт хууш а, безаш а вацахь, Стагах дан х1ума дац, цуьнан ц1ийх боьлла нохчийн мотт бацахь, шен къомах дог ца лазахь, цунна шен къоман истори ца хаахь, – иза шен халкъана, махкана пайдехь вацахь. Лакхахь аьлларг т1еч1аг1деш, суна дало луур дара Сулейманов Ахьмадан дешнаш: «Кхо х1ума ду дуьненчохь даима а цхьаьна хила дезаш, вовшех даьхча, кхуьй а леш: Даймохкий, ненан моттий, халкъий. Даймахкахь, шен халкъаца, буьйцуш ненан мотт боцуш верг дуненахъ сий-ларам болуш вехар вац». Цунах кхета веза вай массо а.

Кавказан т1ом д1абаьллачу заманахь Хонкара а, цигара д1а 1аьрбин мехкашка а д1абахана нах, шаьш бусалба пачхьалкхе кхачар бахьанехь, цхьана-шина чкъуро нохчийн мотт ларбина, амма таханлера церан т1аьхьенаш, дукхахьолахь, наггахь верг воцург, нохчийн мотт хууш вац. Тахана Европехуле, 1амаркехула д1абахана болчу нехан ойла йича, цхьаъ-шиъ чкъор хийцаделлачул т1аьхьа, керстачу пачхьалкхашкахь-м муххале а, церан г1иллакхашка а бирзина, церан культуре а бирзина, уьш д1абарна боккха кхерам бу. Даймохк, мотт бохург вовшех ийна, вовшех къастийча довр долуш х1умнаш ду. Стаг шен маттаца вехаш велахь, мохк цуьнан бу, латта цуьнан ду, къам цуьнан ду. Муьлхха а мотт дахарца цхьаьна хаддаза кхиа безаш бу. Шен кхиарехь сецна мотт юкъара д1а ца бала йиш яц.

Цхьаболчеран 1едал ду, ша юкъахь вехаш волчу къоман мотт хиъчахьана, берана атта хир ду, бохуш, чохь а нохчийн мотт ца буьйцуш. Оьрсийн, немцойн, ингалсан, кхидолу меттанаш мел шера хаарх, со нохчи ву бахарх, нохчи хуьлуш вац, нагахь санна нохчийн мотт хууш вацахь, нохчийн г1иллакх лелош вацахь. Цунна кхайкхам бу хIара дешнаш а:

Ма г1олаш, ма хьолаш
ненан мотт шайца,
И бийца йиш йоцуш
бовр болчу метте.
Ма г1олаш, ма хьолаш
ненан мотт шайца,
И бийца стаг воцуш
лийр болчу метте.

Вайн дахарехь ненан мотт тайп-тайпанчу хьелашкахь схьабеана таханлерчу дийне, хийламма оьшу, ца оьшу, беза, ца беза, бохуш, амма бакъду шайн дегнаш нохчаллах дуьзна а, нохчийн ц1ий шайн пхенашчухула лелаш болчара таханлерниг санна долчу дийне дукха сатийсина. И хууш, ша бакъволу нохчи хилар т1еч1аг1деш, вайн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен Указца т1еч1аг1дина 25-г1а апрель – Нохчийн меттан Дезде хилар.

Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас нохчийн матте болу шен безам гойтуш, цуьнан сий-ларам беш аьлла:«Нохчийн къам дийна хиларан мокхаза ч1аг1о ю вайн нохчийн мотт».

Вешан дай санна, нохчий хилла диса дезаш ду вай. Вайн наноша уьншерийн оьмарера таханлерчу дийне кхаччалц кхиийна къонахий. Ткъа и къонахий кхиоран раг1 вайна т1екхаьчна. Къонахий кхио беза аганан илли олуш, туьйра нанас шен аьхначу маттахь дуьйцуш. Аганара г1аьттича, бакъболчу къонахийн собар, яхь, доьналла, хьуьнарш довзуьйтуш, царах дозалла дан, масал эца, цаьрга нисвала, халонаш лан, осалниг емалдан, г1ийлачун г1олаца, Даймахкана пайдехь хила 1амош. Иштта, вайн оьздачу нанойн масалш т1ехь кхио беза мехкарий а. Ненан ховхачу маттаца и дан вайн таро а ю, Цунах херделла адам, шен къоман сийлаллех хер ца луш, ца дуьсу. Ткъа мотт бицбинчо шен кхерч, ша схьаваьлла бух, Даймохк бицбо. Цунна шен селханлера де а, кханенга боьду некъ а ца хаьа.

Къамел дерзош луур ду вайн дерриге а Къам, вайн Мохк Нохчийн меттан Денца даггара декъалдан.

Схьахетарехь, хан-зама яларций бен хуур дац ненан меттан де махкахь дездеш хилла дIахIоттаро нохчийн мотт 1аморна а, кхиорна а дикачу аг1ор бечу т1е1аткъаман кхоччуш мах хадо.

Сулейманов Ахьмада ма-аллара:

«Бийца мохккий,
моттий бацахь,
Адамех ца олу-кх къам».

* 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! * 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! * 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! * 25 АПРЕЛЬ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ! *

Чалдаев Ислам

НОХЧИЙН МОТТ – КЪОМАН ХАЗНА

Нохчийн къам дийна, дехаш хиларан мокхазан ч1аг1о ю нохчийн мотт.
(Кадыров Ахьмад-Хьажа)

Дахарехь хан-зама хийцалуш, мел дукха шераш, денош, буьйсанаш т1ехйиларх, дайнаноша доьзалехь лардеш долу дайн сийлахь хаза г1иллакхаш санна, нохчийн къоман уггаре а коьрта орам хилла лаьтташ болу ненан мотт 1алашбар вайх х1оранна а т1ехь декхар ду. Кхерчахь ц1ийнан йовхо, марзо латтош бехачу вайнехан оьздачу нанойн ц1арца бехачу меттан ц1е йог1уш тиллина аьлла хета суна, х1унда аьлча, вайн хьомсарчу нанойн къинхетамечу, аьхначу куьйгийн кераюкъ санна, цхьа шатайпаналла йолуш бу иза. Цундела аьлла хир ду-кх цунах ненан мотт. Хийла вайнахана юкъахь гергарлонан маша бузуш, безаман, доттаг1аллин уьйраш ч1аг1ъеш, т1аккха цуьнца цхьаьна б1ешерашкахь дуьйна схьадог1у шира девнаш масла1атечу, беркатечу дашца луьстуш, вайн къаноша лебинарг нохчийн мотт хилча, т1аккха хаьа-кх вайна, иза уггаре а оьшуш, ца хиъча, ца хилча йиш йоцу вайн къоман хазна хилар.

Оьрсийн яздархоша а дуьйцу нохчийн меттан аьхналлех лаьцна. Масала, Толстой Лев Николаевича яздо шен мог1анашкахь: «Нохчийн мотт уггаре а хазачу, хьалдолчу меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь». Дика хаар-м дуьйцур а дацара, доьзалехь, чохь-арахь оьрсийн мотт бийцича, дозалла деш беха х1окху заманахь цхьаболу кегийрхой. Хууш ма-хиллара, вайн дайша, дедайша ц1енчу дешех тарбеш, 1алашбеш лийрина нохчийн мотт сийсазбеш бийцар, цуьнан хазалла цагар – шен декъазчу сица гуш йоцчу цамгаран сиркхо йолуш хилар ду. Ткъа иштта адамийн ойла дикачу аг1ор хийца лаам болчу вайн лерамечу яздархоша исбаьхьаллин дешнашца шайн ешархошка кхайкхам бина. Масала, Мамакаев Мохьмада яздо: «Шен ненан мотт халкъо, сий ойбуш, 1алашбахь, цу халкъан парг1ато цхьаммо а хьоьшур яц!». Суна хетарехь, мотт а, цу меттан йоза а девзаш долчу вайн къоначу чкъурана шех эца боккха пайда а, шуьйра маь1на а долуш ду и дешнаш. Дуьненчохь ирсан орам лоьхуш, некъаш деш, дахаран маь1нех кхета г1ерташ, мел дукхачу рицкъанан токхенехь вай дехаш хиларх а, я езачу йийбарех вай х1усамаш къагорах а, вайн къоман мотт вай лоруш бацахь, вай кхоччуш ирсе ду ала х1уттур вацара со. Дайн оьздачу г1иллакхех, 1адатех, иштта цуьнца цхьаьна вай бийца хьакъ болуш, вайга кхачале, массо а нохчийн ц1е лелош болчу, яхьйолчу наха ларбина бу вайн ненан мотт. Дала цу меттан дан ма-деззара сий-пусар, ларам-т1алам бар лойла-кх массо а яхь йолчу, оьздачу, вайн къомах болчу нахана! Гуттар а самукъанечу кхаьънашца бекийла хьо, тхан ца хилча йиш йоцу нохчийн мотт!

Садаева Раиса

Нохчийн мотт берийн синкхетам кхиорехь

Муьлххачу а хьехархочунна хаьа шена оьшучу предметан йолчу урокашна кечамбеш, интернет чохь г1оьналлин г1ирс буйла. Ткъа нохчийн меттан урок х1инццалц схьа, охьа а хиъна, хан йойуш. язъян езаш хилла. И х1унда ду иштта? Нохчийн меттан г1уллакх х1унда дац цу интернет чохь? Кхиболчу меттанийн т1ег1анехь а? Цунна т1ехь х1унда бац, кхийолчу предметашна т1ехь санна, беш болх? Оьшург х1унда ца карайо? И хаттарш сан а, со санна болчийн дукха хьулура. Цахуучунна къайле йостуш, НР-н дешаран а, 1илманан а министерствехь кхоьллина белхан тоба ю, юкъахь нохчийн меттан тоьлла хьехархой а болуш. Цу декъехь кхоьллина интернет-сайт ю «Урок-95(дезткъе пхийтта)» ц1е йолуш. Цу чохь видеоурокаш а, цхьаьцца зеран белхаш а, конспекташ а йолуш. Иза цкъа а ца хиллачу кепара кхиам бу.

Де-дийне мел дели дешарца доьзна дерг шена хьалха жоьпалла х1иттош ду. Советан заманахь юккъерчу классашкахь хилла теманаш, карарчу хенахь юьхьанцарчу классашкахь долчу берашна хьоьхуш карайо. Кхидолчу 1илманел а нохчийн мотт т1аьхьа ца бисийта г1ерташ къахьоьгу хьехархойн тобано.

И сайт вайн юйла цахуурш дукха хила а тарло. Цу белхан тобанна юккъехь болчара-м шайн дешархошка д1ахоитий царна хьоьхий, г1уллакх до. Хийла вай теш х1уьтту, цхьацца нохчийн йоза т1ехь долуш интернет чукхуьйсу суьрташ алссам г1алаташ долуш хиларна. Кхул т1аьхьа вайн аьтто хир бу меттан ца евза грамматически бакъонаш цу чохь 1ама а, хааарш т1едуза а.

Х1инца айса сагатдечух дийца лаьа суна. Х1окху заманца нисвалар, кхуьнца вар а ду цхьа ирс. Д1ахьаьжна, юхахьаьжна валале, хуьлуш лаьтташ болчу хийцамаша вохавой вуьту хьо. Ва нах, вайх х1ун хуьлуш лаьтта-те олий, хета. Зама-м едда, хьаьдда йоьдуш ю, ца ларош верг юьстаха а кхуссуш. Вайн юкъараллин кхин цхьа лазам а бу, д1а ладоьг1ча, башха гуш а боцуш, амма хьо талла воьлча, шел т1аьхьа къомана сингаттам буьтур болуш. Иза ду Малхбузехьа долчуьнца вайн бераш д1ауьйш хилар. Хат1, мотт, лелар, духар, туьйранаш, тайнигаш – церан мел долу х1ума девзина даьлла царна. Ткъа шайн къоман дерг х1ун ду а ца хаьа. Я и цахаьар-кх аьлла, саготта дай-наной а бац. Берийн хьекъал д1аоьцу уггаре а коьрта герз мультфильмаш ю, цу чуьра тайнигаш а, турпалхой а. Вайн къомаца мел цадог1ург марздеш, кхайкхош, берийн синкхетамна чудижош ду цара. Цу «хьаьвди т1ехь» кхача

ЮКЪАРАППИН ПАЗАМАШ

баийначу берийн нохчалла яйна лара мегар ду.

Доьзалехь дукха меттигаш ю, бераш новкъара д1адевлачхьана, еш терго йоцуш, сарралц телевизора хьалха уьш 1ийчахьана тоам беш. Царна гуш дерг – тухуш, вон лелаш, дуьхьала луьйш долу сибаташ. Цхьайолчу ханна уьш билгала х1ун ю ца хаало. Ткъех б1аьрг а, масех корта а болуш долу дийнаташ хуьлу адаман мотт буьйцуш, уьш 1ехош. Вайн берашна уьш масал ду, царех царна тарбала лаьа, церан ц1ераш дика евза. Амма цхьа хан яьлча, бераш амал эцна девлча, карара буьйлу дин санна, уьш сецо хала а хуьлу.

Дагахь доцучу аг1ор сингаттам бохьу терго ян вайна башха доккха ца хеттачо а. Ч1ог1а леррина харжа еза царна гайта тамехь йолу мультфильм. Цу т1ера ду бер оьг1азе хилар, кхидолчу берех летар, къизалла гайтар. Г1амаро худу хи санна, церан кхетам кийча бу, гонаха мел дерг д1ахуда.

Уьш бераш ду, царна х1ун хаа аьлла, хета а тарло. Кхерам бац олийла дац. Хууш ма-хиллара, жимачохь 1еминарг т1улга т1ехь яздинарг санна ду. Иттех шерийн чкъор шен къоман мехаллин т1ера д1адолуш лаьтта, шен амална,1адатна т1ера. Бабин туьйранаш, дадин хьехамаш т1ап-аьлла д1абайна вайна юкъара. Къоман хат1, ламаст, г1иллакх схьалаца кегийрхойн синкхетам ца хилахь, къам дайна лара мегар ду.

Дукха син1аткъаме цамгарш яьржина вайн берашна юкъахь, психолагашна бен дарба ца карош. Ворх1 шо дуззалц мотт ца 1емаш хуьлу, кхераме б1арлаг1аш дуьхьалх1уьттуш, 1аьржачу меттигах кхоьруш. И ду олу цара терго йоцуш бер телевизорна д1адалар.

Кхуззахь билгалдаккха лаьа суна, вай пайда а ца оьцуш, амма 1аламат пайде болу литературин а, театран а г1ирсаш. Масала, вайн махкахь зорбане долуш ду нохчийн маттахь цхьаъ бен доцу берийн литературни журнал «Стела1ад». Кху шарахь ткъе итт шо кхечи цуьнан. 1аламат боккха берийн б1о кхиийна цо шен оьмарехь. Дика-вуо къастош, майралла гойтуш, г1иллакх довзуьйтуш, дийцарш, байташ, туьйранаш, х1етал-металш долуш шена т1ехь. Нохчийн халкъан барта кхолларалла жимачохь дуьйна йовзуьйту цо.

Иштта вайн махкахь т1еман луьрачу хенахь а культурин декъехь хаддаза шен болх д1аккхехьначех цхьаъ ю къона хьовсархойн театр. Г1арабевллачу яздархойн сценарешца дукха хазачу тайнигех спектаклаш х1иттайо цо. Туьйранашкара турпалхойн васт довзуьйтуш, дика-вон къасто 1амош, шайн болх жигара д1аккхехьна цара. Таханлера хьал дийца вай х1иттича, халахеташ ду театр еса лаьтташ хилар. Нохчийн маттахь долчу туьйранашца к1езиг бала кхочу вайн берийн. Иза а дас-нанас уьш царна марзцадаре терра нисло. Деша луучунна а, шен мотт а, къоман г1иллакхаш а, цуьнан 1адаташ а довза луучунна а кечдина хьелаш 1аламат дика ду вайн махкахь.Нохчийн мотт кхиорехь а, берийн синкхетам 1алашбарехь а оьшуш ю шен маттахь книжкаш а, туьйранаш а, кинош а, мультфильмаш а.

Ткъолг1ачу б1ешерийн кхузткъе уьтталг1а, дезткъалг1а шераш нохчийн кхолларалин г1у юзуш зама хилла. Дукха яздархой, сценаристаш, литературни критикаш, актераш кхиийна оцу хено. Таханлерачу замано керланиг доьху, цхьаммо схьакховдина раг1 схьаэца езаш ю кхузаманан векалша а. Х1окху мехкан а, меттан а 1уй болуш, ша и вайн латта санна, шен къомана долчунна тешаме болуш, царна т1аьхьа т1ебог1у кегийрхой оьшура вайна тахана. Ткъа кхане Делехь ю. Лаьара, и кхане сирла а, ц1ена а йог1ийла дерриге а берашна!

Эльдиева Марет

Анайистехь ага

Ага техка. Аганна чохь 1уьллу баьццарчу дарин кохканашца д1адихкина бер. Ага техкочу зудчо олучу аганан иллин мукъам баьржа дуьненахь. Беро леррина ладоьг1у. «Ча-борз хилий, хьо кхиалахь. Шаьлтий-доьхкий ахь дехкалахь. Дуьне маьрша ахь даккхалахь. Сий-яхь долуш хьо вахалахь…». К1антана хабар дийца ца хаьа, делахь а цо леррина ладуг1у. Цуьнан б1аьргаш меллаша набарна т1едоьлху. Илли кхид1а а дека: «Б1аьрзечун б1аьрса долуш, къорачун лерса долуш, мискачун накъост волуш, г1ийлачун верас волуш…». Дерриге а дуьне ладуг1уш ду иллига. «Могаш-маьрша хьо вахалахь, нохчо ву и алийталахь…». Сан иэсехь дека иллеш а, аьзнаш а. Карлайовлу ц1ераш. Цара ч1ог1а т1е1аткъам бо иэсана а, кхетамна а, дагна а. Т1аккха суьрташ. Бераллин суьрташ. Т1улгах йоьттинчу кертах букъ тоьхна, дечиг-пондар белхош г1еметта х1оьттина стаг. Баганаш а г1аьттина ладоьг1у бераш. Пондаран мерзашца ма дукха дуьйцу пондарчин п1елгаша. Уьш тийсало кхечу суьртех а, аьзнех а. «Не хныч. Вас в садике учили петь? Спой маме…». Жимачу к1анта хьоькху мохь: «Не хочу слушать чеченские дебильные песни». Нана йоккхаеш йоьлу. Т1аккха кхин сурт. «Цунах вай «кукла» ца олу, иза тайниг ю. Хьо-м нохчи яй… Баппанаш ду… яьлла ц1е санна ю-кх хьо… и г1иллакхехь дац…».

«Я пить хочу! Хочу воды». Цунна юха а дуьхьалдолу бераллера аз: «И ма эхь дара, хьан пхи шо ма ду. «Молий» а ца олуш, молуш ца хуьлу хи… Нехан шуьнехь важа мегар дац… баккхийчарна гуш нанина т1ег1ерта мегар дац… эхь ду…». И суьрташ тийсало, къийсало.

Нохчийн маттах дуьйцу хьехархочун аз а ген-генара дека.

«Дала адамал хьалха кхоьллина 1алам. Т1аккха къаьмнаш, меттанаш, кхид1адерг. Дерриге а меттанаш оьшуш ду, делахь а уггаре а коьртаниг ненан мотт бу». Мацах шен дешархойн ойланашка кхача ницкъ тоьъна, и аз х1инца а иэсехь дека. «Х1окху диттах акхтарг олу, х1ара 1андаг1а ду, вай долчохь суна хааделла дацара х1ара… цхьаъ-шиъ делахь, кхин хир ду моьттуш вац со х1орш».

Бабин аз кхочу лере:

«Нохчийн маттахь бен яц седарчийн иштта хаза ц1е – ча такхийна тача. Шира дийцар ду иза… Сахуьлу седа серла болу хан яра… уьш нохчийн ц1ераш ю: Дареш, Кемса, Турпал, Муста…».

Мотт, сан сийлахь нохчийн мотт, хьан сий ойуш, хьо бийцар саде1ар санна, ша-шех хуьлуш дерг долуш, хьо буьйцуш хилла дайша, хьуна лерина шайн хастаме байташ язйина нохчийн поэташа, хьан хазалла екийна иллешкахь илланчаша, хьан сий-ларам беш хьо ларбина къонахаша.

Тахана, ойланаша са х1унда хьийзадо? Сан елха дог х1унда дог1у, тилпон лоьмар хьаттича, йо1а дуьхьал «барх1, исс б1е ткъе барх1, цхьа б1е ткъе цхьаъ, кхоъ шиъ, кхоъ исс» аларан меттана «восемь девятсот двадцать восемь, сто двадцать один, три два, три девять» олуш хезча?

Аганан иллеш олуш хилла и наной, уьш мичахь бу, муьлхачу дуьненахь бисина? Мича дахана аганаш, мичахь, я маца д1адайна т1епаза дайн хьехарш, баккхийчу нехан масалш?

…Ага анайистехь деса лаьтта. Иза техкаш а дац. Гуш кохканаш а дац. Аганан иллеш хийцаделла. Х1инца шаьш хьекъале хетачу кегийчу наноша шайн берашна кхин иллеш хозийту. Уьш-м дика хила а тарло, делахь а нохчийн маттахь дац уьш. Ц1адайша дуьненан йистехь, г1айг1ано чахчийна лаьтта ага. Чудиллийша бер! Алийша аганан илли! Иза-м хинволу къонах вай, я яхь йолу оьзда йо1 яй. Алийша ненан маттахь илли! Синкхетамал хьалха лерса хьастийша нохчийн маттаца! Циггара долалуш ма ду мотт бовзар, безар. Ма дитийша анайистехь деса ага!

«САН НЕНАН БЕЗАМ САННА…»

Дала Ша къаьмнаш кхуллуш хIора а къомана шен-шена мотт белла. Цу маттаца лело царна гIиллакхаш, Iадаташ а делла. Маттаца билгал болу къоман синкхетам, цуьнан Iер-дахар. Мотт – къоман са а, цуьнан иэс а ду. Цундела, мотт дIабаьлча, къам а делла лерина ду. Суна дуьххьара нохчийн мотт сайн ненан озаца хезна, цо цуьнца аганан илли олуш. ХIетахь дуьйна сан синан мерза кхача бу нохчийн мотт - сан ненан безам санна...

Мамушева Марем

«КЪОМАХ КЪАМ ДИЙРИГ МОТТ БУ…»

Лаккхарчу лакхене хьекъаллий, Iилмий даккхалц, къомах къам хир ду бохучух дог дилла мегар ду. Хьекъал долчу стеган хуьлу гIиллакх хаза, хьекъал долу стаг хуьлу динца чIогIа а. Къонахчух къонах веш дерг хьекъал ду. Хьекъал хилча эхь а хуьлу, яхь а хуьлу, кхидIа адамна синмехалла мел йолу хIума а хуьлу. Хьекъал доцу стаг Iеса а, осала а, лела ца хууш а, лайн амал йолуш а…

Хабаев ИсмаьIал

ДАЙМАХКАХ ОЙЛАНАШ…

«Нохчийчоь,
...сан кхиндерг дацара лардан я дайа,
весете дилла я байраккхах айа,
дуьненчу волуш цкъа гина хьан бос бен,
мотт Iемаш дуьххьара хьох аьлла
дош бен...»
(Бисултанов Апти)

Масех де хьалха вайн йишас цунмежаргийн сурт даийти суна. И гина хорам хиллачу аса эли цуьнга: «Ма ца хаа шуна, шаьш мел ирсе ду! И ма-дарра хуур а дац, цкъа Даймахках ваьлла хан ца яьккхича!».

Цхьацца рицкъанаш нисделла, дуьне ма-дду дIасадаьржина вай тIаьхьарчу шерашкахь. Амма цхьа де ца догIу цIерачарна са ца гатдеш. Даима зIе а латтайо, нохчийн телевиденига а хьовсу хаддаза. Нохчийн даар а кечдо, чохь нохчийн мотт бен буьйцуш а бац. Ткъа дахар, дерриге а аьлча санна, дагалецамашка дирзина. Иштта сатийсамашка а, юха Даймахка дерза, нохчий бехачу, нохчийн мотт буьйцучу, шаьш санна дерш, кхин доцу лаьмнаш, хьаннаш, шовданаш долчу.. Дала яздинчу хенахь кхочур ду и ирсе де а! Дала цхьа а ма хьегавойла шен махках а, гергарчарех а, цаьрца йоьзна йолчу марзонех а! Дала Шен къинхетамах ма доккхийла нохчийн къам!

Гуно Малика

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

№ 8 (385)

Исламан зIаьнарш أشعّة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

16 АПРЕЛЬ – МАШАРАН ДЕ

Халидова Аза

«Нохчийн къомана оьшург цхьаъ ду – машар!». Оцу дешнашца болийра Кадыров Ахьмад-Хьаьжас халкъ к1елхьардаккхархьама юьхьарлаьцна машаран некъ... Т1ом д1абаьлча, республикехь йисина йолу законехь йоцу тобанаш д1аяхарехь беш болх бара. Царна дуьхьал леррина операцеш д1аяьхьира нуьцкъаллин структураша. Цуьнца цхьана республикан дахар тодарехь д1ахьуш болх а бара – социальни, экономикан хьал тодеш. Амма, регионехь КТО-н раж лаьтташ хиларо новкъарло йора мохк кхиорна.

2009-чу шеран 16 апрелехь ФСБ-н директора, Россин пачхьалкхан терроризмана дуьхьал йолчу къоман комитетан куьйгалхочо Бортников Александра Россин Президентан т1едилларца д1адаьккхира 1999-чу шарера омра... Нохчийчоь КТО-н меттиг хилар д1акхайкхош хилла омра.

10 шарахь лаьттина къийсам,10 шарахь лаьттина чолхе мур цхьана дийнахь чекхбелира. Республика кхиаран некъа т1е яккхаран мехала г1улч яра иза. Цу хенахь дуьйна баккхий хийцамаш хилла вайн махкахь. КТО-н раж д1аяккхарца республикан аьтто хилира экономика кхион. И сацам баро кхиамашка дуккха а не1арш схьайиллира. Республикана хилла а ца 1аш, ерриге Россин пачхьалкхана а дика кхаъ бара КТО-н раж д1аяккхар, х1унда аьлча, регионан кхиам – пачхьалкхан кхиам бу.

Цкъа хьалха «Грозный» аэропортан дуьненаюккъара статус елира Росавиацис. Уггаре а тоьллачу аэропортан т1ег1ане кхечира иза. Дозанал арахь бехачу вайн махкахошна а хаза кхаъ бара иза. Вайнах ц1аэха буьйлабелира шайн доьзалшца, х1унда аьлча, республикин дахар денна толуш дара. Политикан а, экономикан а, юкъараллин дахар а кхуьуш дара. Нохчийн Республика инвестицешна бег1ийла мохк буй хууш болчу дукккхачу а бизнесменийн, инвесторийн тидам Нохчийчоьнна т1ехь сецира.

Тахана Нохчийчоь, хууш махиллара, Россин уггаре а машаре, сиха кхуьуш йолу субъект лоруш ю. Вайн махкахь хуьлучу политикаша а, журналисташа а т1е а ч1аг1до иза. Нохчийчу дукха хьеший оьху, дуьненна а бевзаш болу нах а цхьаьна. Машар бохучу дашца дусту тахана Нохчийчоь боху дош. Х1ора шарахь

алсамболуш бу туристийн барам, вайн мехкан культура, истори вайн 1алам, исторически х1оллламаш, исбаьхьа меттигаш йовза а, ган а 1алашо йолуш.

Нохчийчохь бертахь цхьаьна дехаш ду дуккха а къаьмнаш, шайн-шайн мотт, культура, 1ер-дахар, ламасташ а долуш. Къаьсттина билгалдаккха деза, къаьмнийн башхаллашца доьзна Нохчийн Республикехь кху т1аьхьарчу итт шарахь хилла цхьа а дов цахилар. Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен семачу тергонехь латтош ду кхечу къаьмнийн бакъонашна эшам цахилийтар а, церан 1ердахарна оьшу б1ег1ийлаш латтор а. Дагадаийта лаьа, Кадыров Рамзан республикин Президент х1уттучу хенахь, 2007-чу шарахь, цуьнан дуьххьарлера Указ къаьмнийн политикан концепцин хьокъехь хилла хилар. Цу указо т1едиллира Нохчийчохь дехаш долчу дерриге а къаьмнийн бакъонаш, церан мотт, культура цхьатерра ларъян езар.

КТО-н раж д1аяккхар Нохчийчохь машар, парг1ато, кхерамазалла хиларна тоьшалла дара. Х1ора шарахь и де т1екхаьчча республикехь даздарш д1ахьо. Жима а, воккха а самукъадаьлла хуьлу, таханлерачу зовкхех, машарх воккхавеш.

Карарчу хенахь Нохчийчохь юкъараллин-политически аг1о а, экономика а, дин а, дешар, могашалла 1алашъяр, спорт, доцца аьлча, массо а аг1о кхуьуш ю. Дозанал арахьарчу эксперташа а билгалдоккхуш ду иза. Хаддаза схьайоьллуш ю керла объекташ. Еш ю Европехь уггаре а лекха г1ишло – Ахмат-Тауэр. Иза а инвестпроект ю. Республикин дозанал арахьа вайн къоман культура гойтуш, вайн культуран белхахой бу. Цара кхин а алсамбоккху кхечу пачхьалкхийн бахархойн вайн махке болу тидам. Вайн «Ахмат» спортклубан декъашхой дуьненахь а тоьллачарех спортсменаш бу. Хаддаза толамаш боху цара. Медицинех дерг аьлча, вайн республике кхечу мехкашкара лоьраш оьху. Чолхе операцеш еш, вайн лоьрашна хаарш луш мехала г1уллакх до цара регионан медицина кхиорехь.

16 апрель – Нохчийчоьнан х1ора вахархочун дезде хила дезаш ду. Республикин куьйгалло а, халкъо а д1агайтина муьлхха а вон, зулам, вай цхьаьна, бертахь хилчий бен, эшалург цахилар. Х1оранна а хаа беза таханлерчу толаман мах. Муьлхачу халонашца, къинхьегамца кхаьчна вайн х1окху машаречу дийне.

ГУЬМСАН КIОШТАН АДМИНИСТРАЦЕХЬ...

М. Рамзанов

Куьйгалла дар – цхьа х1ума кхоллар ду. Массо говзалла оьшуш, хьашт долуш ю. Лоьраш, хьехархой, агрономаш, иштта дуккха а говзаллаш ю вайн дахарехь мехала. Муьлха корматалла хила еза куьйгалхочуьнгахь шена хьалха лаьтта декхарш кхочушдан? Цуьнан 1уналле хьаьжжина хуьлу цо нехан хьашташ кхочушдар. Уггаре а хьалха куьйгалхо – иза х1уманна хьесап долу адам ду: дахаран хьелашна пох1ма долуш, урхалла дан хьуьнар долуш. Иштта чех ву Гуьмсан к1оштан куьйгалхо Оздамиров 1усман. Цуьнан амалехь ду х1уманна кадалар, балха т1ехь жигара хилар, жоьпалле, низаме хилар. Цо балха т1ехь кхачо йоллуш х1оттийна шен а, ша куьйгалла дечу белхахойн а хенан раж. Болх д1аболош, дикка цунна кечам а бой, болабо цо. Ерриге а к1оштан болх шен хеннахь а, эвсаре а бина хилийта, цо боккха тидам латтабо шен белхан г1уллакхашна т1ехь.

Билгалдаккха дог1у, Оздамиров 1усман спортехь жигара дакъалаьцна ву, парг1ат кепара охьатохарх латарехула Россин спортан мастеран кандидат а волуш. Цундела, таро ма-хуьллу тидаме оьцу цо к1оштан спортан аг1о а. Кегийчу наха к1оштахь д1ахьочу массо а цхьаьнакхетарехь царна г1о-накъостолла а до цо.

1усман санна, даржехь волчу куьйгалхочунна, шайн-шайн хьашташ дийца т1еоьхуш дуккха а нах хуьлу. Къаьсттина тидаме ву 1усман заь1апчу нахаца. Церан дехаршка, дезаршка леррина хьожу иза.

Цхьана стеган хьуьнаре хьаьжжина хуьлу наха цуьнгара дикачу х1уманна т1ехь масалш эцар а, уьш шуьйра д1асадаржор а. Иштта, нахана шех схьаэца масалш долуш ю Оздамиров 1усмана куьйгалла ден урхалла а. Цу урхаллехь мел волу белхахо цхьанаэшшарехь болх беш ву. Цхьаммо дика дерг д1асадаржадо, вукхо шен таронашца аьттонаш бо, кхечо белхан хан йоцучу хенахь а болх бо... Иштта, бертахьчу, беркатечу хоршехь д1абоьду Гуьмсан к1оштан администрацин болх.

Куьйгалхо хила хала дац. Хала дерг, хилла ваьллачул т1аьхьа, хьайх тешийначу белхан жоьпалла хаар ду. 1усмана боккха болх д1акхоьхьу, шен хенахь а, шен меттахь, шена т1едехкина декхарш кхочушдеш.

Шен масалца цо гойту, белхахошна т1ехь урхалла муха дан деза, цаьрца цхьаьна шайна хьалха лаьттачу 1алашонашка муха кхача веза.

1усманна совг1ат дина Россин Президентан В.В. Путинан Сийлаллин грамотица, Нохчийн Республикан Конституци а, иштта Президент а, Парламент а харжаран хьокъехь законаш т1еоьцуш, д1аяхьначу референдумехь жигара дакъалацарна. Оздамиров 1усман дика куьйгалхо хиларал сов, хьуьнаре говзанча а, дика а, пох1ма долу а стаг ву.

ЦIаналла динан цхьа дакъа ду

Мустаев Р.

Ц1аналла – динан цхьа дакъа ду. Ислам-дино вайна хьоьху уьйт1е а, цуьнан го а ц1ена латтор. Кхузахь дуьйцург цхьа ков-керт а, цуьнан го а хилла ца 1аш урамаш, маьждигаш, пхьоьханаш, кхийолу а юкъара меттигаш ю. Иштта шари1ато вайна т1едуьллу, вайн лаьтта т1ехь а, вайна гонахьарчу 1аламехь а ц1ано латто езар. Къаьсттина тидам бан бог1у 1ибадат дечу меттигашна, х1унда аьлча, боьхачу меттехь дина ламазаш къобал хуьлуш дац. Исламо ц1аналлах лаьцна мел дуьйцург адамийн могшаллин дуьхьа ду. Ц1ано къоман могашаллин закъалт а, адамо дечу 1ибадатан дог1а а лоруш ду. Цхьана хьадисехь боху: «Ц1аналла – динан цхьа дакъа ду», иза адамо лелочу динан цхьа гайтам а болуш. Исламо ц1аналлах бохург кхочушдеш, вайн республикин бахархоша цхьана беттан х1ора дийнахь аьлча санна, белхеш бира, вайн махкахь ц1аналла х1оттош. Цу деношкахь балхех араваьллера 400 эзар стаг, цара д1адуьйг1ира 30 эзар синтар. Болх беш яра б1еннаш техника. Вайн махкахь жима а, воккха а араваьллера нохчийн республикехь хазалла а, ц1аналла а д1ах1отто.

Воккхачу-Хьаьжин цIарах маьждиг

Сесанарчу Воккхачу-Хьаьжин ц1арах маьждиг Гуьмсехь схьадиллина 2011-чу шеран 23-чу августехь. Цу чохь 1ибадат дан цхьаьна вовшахкхета таро ю 3500 стеган. Г1алин массо а маь11ехь хеза кхузахь кхойкхучу моллин аз, б1еннаш муъминаш жама1атан-ламазна гул а беш. Кегийчу наха цу чохь Къуръан 1амадо, баккхийчеран хьехамца. Нохчийчоьнан уггаре а хазачарах ду ала мегар ду и маьждиг. Суьйренан стогарша гуттар а исбаьхьа гойту иза г1алин кхечу г1ишлошца цхьаьна.

Рамзанов М.

Ламазан хенаш (Апрель)

денош	фаджр	Iаср	магIриб	Iишаъ
16	03:52	15:47	18:45	20:11
17	03:50	15:47	18:46	20:12
18	03:48	15:48	18:47	20:14
19	03:46	15:48	18:48	20:16
20	03:44	15:49	18:50	20:17
21	03:42	15:50	18:51	20:19
22	03:40	15:50	18:52	20:20
23	03:38	15:51	18:53	20:22
24	03:36	15:51	18:54	20:23
25	03:35	15:52	18:55	20:25
26	03:33	15:52	18:57	20:25
27	03:31	15:53	18:58	20:28
28	03:29	15:55	18:59	20:30
29	03:27	15:57	19:00	20:31
30	03:25	15:59	19:01	20:33

ДIахьош ду«Исламан зIаьнаршка» яздалар!

Ткъе ялх шо ду «Исламан зIаьнарш» цIе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гIиллакхаш, ламасташ…

Иштта, газетан агIонаш тIехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гIиллакхаш а, церан дика масалш а…

Вайх хIораннан а таро ю «Исламан зIаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…

Язде «Исламан зIаьнаршка», язло «Исламан зIаьнаршка»!

Газете язваларан мах – эхашарна кхо бIе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхI бIе ткъа сом, (720 сом)…

Лараме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928

Исламан зIаьнарш أشعّة الإسلام
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»

Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасIуд

Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург:
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-8711-222-45-34
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа

Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни службехь 2015-чу шеран I-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева

Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 19.04.2017 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 19.04.2017 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!